



FALKLAND ISLANDS GOVERNMENT

PUBLIC SERVICE ANNOUNCEMENT

11 August 2021

Kune avo vanobva kunyika dzekunze, vasina kana kuti vane mapassport akapera, munokurudzirwa kutaura nevakuru vehurumende

Zvichitevera musangano neveruzhinji maererano nekuramba kwakavharwa kwenzira yeairlinks neSouth America, pakabuda zvinhu zviviri zvinova zvinoti, kutadza kufamba kwevanhu nekuda kwekadzawo kuwanisa magwaro matsva ukufambisa, neimwe yeavo vana veavo vanobva kunze kwenyika vakabarirwa muno mu Falkland Islands panguva yakagarisa pasi rose nedenda re covid, varikutadzawo kukwanisa kuvatoresa magwaro aya nekuda kwemitemo yakaiswa pakufambidzana nedzimwe nyika uye nezvibingamupini zvakasiya zviri kuwanikwa pakufambidza kwe nyika nekuda kwe denda iri.

Apo vagari vemuno vane maBritish Passports vachikwanisa kipiwa tsamba dzekufambisa nechimbi chimbi pachinge paita dambudziko, uyewo vachikwanisa kugadzirisa mapassports anenge apera vachibatsirwa neCustoms and Immigration, izvi zvakaonekwa kuti hazvigoneke kuitwa kune avo vanobva kune dzimwe nyika avo varikutadza kugadzirisa magwaro matsva pamwe nekugadzirisa magwaro evana vachangobarwa.

MLA Leona Roberts vechigaro cheLegislative Assembly vakati, "Tinodakutenda zvikuru kune vose vakakwanisa kuuya kumusangano vakapawo pfungwa dzavo pamwe nesu, izvi zvakatibatsira zvikuru kuti tikwanise kuziva matambudziko ari kuwanikwa neve ruzhinji nekuda kwekumiswa kufamba kwendege pakati penyika yedu neyeChile pamwe neBrazil. Tinoda kukurudzira avo vose vane magwaro ekufambisa akapera kana vane vana vachangozvarwa vasina magwaro anodiwa kuti vasununguke kubata vehurumende kuti tinyatso nzwisia udzamu huzere maerarerano nedambudziko iri nekutiwo tione kuti tingabatsire sei vose varimudambudziko rakadai".

Kune vose vane magwaro kana mapassports akapera kana avo vanoziva kuti mapassports avo achange achipera mumwedzi mitatu inotevera uye vachiziva kuti havazokwanise kuwanisa magwaro matsva zviri nyore, munosungirwa kunyora email pa bordercontrol@customs.gov.fk kana kuchaya nhare pa 27340. Munotarisirwa kupa zita renyu rizere, musi pamwe nezvimbio

yamakabarirwa,nhamba dze passport ,pamakaipiwa uye painopera,bazi remagwaro rakakupayi pamwe neNyika yekwamunobva, kuvanawo panodiwawo zita rizere,musi nenzvimbo yekabarirwa mwana pamwe nezita rababa namai vemwana.

Umbowo hwose hwamuchapa huchachengetedza neruremekedzo rwuneudzamu uye huchashandiswaho pakuedza kuona huwandu hwavanhu vari kugara muno muFalkland Islands vabatwa zvikuru nemitemo yakaiswa pakati penyika nekuda kwe denda reCovid-19, uye kuona kuti matanho makuru angatorwa pakubatsira vose vane dambudziko iri.Zvisineiwo kune vose vari mudammbudziko iri, munoda kuziviswa kuti kusava nepassport inoshanda hazvitadzisi kuwana magwaro ekushanda muno kana kuwana magwaro matsva ekushanda muno muFalkland Islands.